

Nimewo 40

DEKRÈ EGZEKITIF

KI ANGAJE NEW YORK POU VIN YON ETA KI MET ANPLWA AN PREMYE POU OGMANTE ANPLWA KONPETITIF ENTEGRE POU NOUYÒKÈ KI GEN ANDIKAP YO

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York gen yon enterè pou elimine baryè ki genyen nan travay epi li rekonèt estabilite ekonomik ki gen ladan travay ki pwofitab se yon detèminan sante sosyal ak travay yon moun gen rezilta tanjib epi ki pa tanjib, tankou amelyorasyon endepandans oto-sifizans ekonomik, ansanm ak objektif, diyite, estim pèsone, ak yon sans akonplisman ak fyète; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York rekonèt etap ak sèvis entèmedyè, tankou planifikasyon karyè, fòmasyon, eksplorasyon karyè, estaj, eksperyans kominotè, devlopman konpetans jeneral, fòmasyon espesifik pou karyè, ak aktivite preparasyon mendèv jeneral, yo ka nesèsè pou ede moun ki gen andikap nan pakou an nan rezilta travay yo vle oswa pou onore chwa ak objektif moun lan;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York sipòte atant pou moun ki gen laj pou travay ki gen andikap yo pral jwenn yon travay entegre konpetitif epi kontribiye nan ekonomi eta a, avèk oswa san sipò; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York rekonèt enpòtans chwa enfòm ak planifikasyon ki santre sou moun kote moun nan patisipe totalman nan planifikasyon, preparasyon, ak chèche opòtinite travay; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York rekonèt ke jèn moun andikape yo bezwen sèvis ak sipò edikatif, pwofesyonèl, ak tranzisyon anvan travay pou ede yo reyisi nan mendèv la; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York valorize biznis ki rekonèt talan ak konpetans moun andikape yo pote nan mendèv pa yo; ak

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York pral adopte epi aplike Prensip Anplwa Dabò yo (Employment First Principles) ki etabli nan Dekrè sa a kòm yon pati nan yon mouvman nasyonal pou priyore anplwa konpetitif entegre kòm rezilta prefere lè y ap planifye oswa bay sèvis ak sipò pou Nouyòkè ki andikape yo ki gen laj pou travay;

KOUNYE A, PA KONSEKAN, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd konsa:

A. Definisyon

1. "Ajans Eta" dwe gen menm siyifikasyon ak ekspresyon ki nan Seksyon 74 Lwa sou Fonksyonè Piblik la yo (New York Public Officers Law).
2. "Andikap" dwe gen menm siyifikasyon ak tèmsa a nan Seksyon 292(21) Lwa Egzekitif la.
3. "Entegre" vle di:
 - a. Konsènan pwovizyon sèvis yo, yon kad ke yo anjeneralman jwenn nan kominote a kote moun k ap resevwa sèvis yo kominike avèk moun ki gen andikap oswa ki pa gen andikap yo, epi
 - b. Konsènan yon rezilta anplwa, yon kad ke yo anjeneralman jwenn nan kominote a kote aplikan oswa moun ki elijib kominike avèk moun ki pa gen andikap, ki pa lòt pase moun ki pa gen andikap k ap bay aplikan sa yo sèvis oswa moun ki kalifye yo, nan menm limit ke moun ki pa gen andikap nan pozisyon konparab kominike avèk lòt moun.

4. "Anplwa entegre konpetitif" vle di travay:

- a. nan mache travay konpetitif ki fèt sou yon baz aplentan oswa a tan pasyèl nan yon anviwònman entegre; epi
- b. kote yon moun jwenn konpansasyon nan oswa pi wo salè minimòm lan, men pa mwens pase salè abityèl ak nivo benefis anplwayè a peye pou menm travay oswa travay ki menm jan moun ki pa andikape yo fè.

B. Responsablite

1. Biwo Responsab moun ki Andikape (Chief Disability Office, CDO) Gouvènè a pral responsab pou kowòdone inisyativ Anplwa Dabò nan New York yo.
2. An kolaborasyon ak CDO, chak Ajans Eta a dwe travay pou asire Prensip Anplwa Dabò sa yo vin tounen yon pati woutin nan operasyon li yo:
 - Andikap nan okenn fason pa diminye dwa moun yo pou yo viv poukont yo nan kominote pa yo, jwi oto-detèminasyon, fè chwa enfòmè, pouswiv karyè ak relasyon ki gen sans, kontribye nan sosyete a, epi yo vin konplètman enkli ak entegre nan kouran ekonomik, politik, sosyal, kiltirèl, ak edikatif nan sosyete Ameriken an.
 - Patisipasyon mendèv ki gen diyite se yon aspè fondamantal nan lavi pou moun ki gen andikap oswa ki pa gen andikap, li amelyore endepandans ekonomik, kreye yon sans de objektif, ankouraje endepandans, fasone moun nou ye a ak fason nou entegre kominote nou an.
 - Moun ki gen andikap, tankou moun ki gen andikap ki pi enpòtan yo, ka jwenn yon travay entegre konpetitif nan mendèv jeneral la, nan travay kòt a kòt ak kòlèg travay ki pa gen andikap, lè yo bay yon nivo apwopriye nan sèvis ak sipò endividyèl, si sa nesèsè.
 - Anplwa entegre konpetitif se rezilta entansyon pou tout Nouyòkè ki gen andikap ki gen laj pou travay.
 - Tout elèv ki gen andikap ta dwe resevwa edikasyon, fòmasyon, ak sèvis ki nesèsè pou reyalize yon anplwa entegre konpetitif antanke granmoun. Sa gen ladann sèvis avan anplwa ak plan tranzisyon pou elèv k ap kite lekòl, jan Lwa sou Endividi ki Andikape ki nan Edikasyon (Individuals with Disabilities in Education Act) egzije sa.
 - Planifikasyon ki santre sou moun ak valolorize vwa moun se priyorite epi yo ta dwe enkòpore nan politik, konsepsyon pwogram, aplikasyon, ak livrezon sèvis. Yo byen akeyi patisipasyon defansè pèsonèl ak sistèm yo, ak moun ki gen enterè nan kominote a.
 - Mendèv la ta dwe reflekte divès kouch nan kominote kote li abite a.
 - Konsyantizasyon piblik sou valè anplwaye moun andikape yo ta dwe ogmante, enkli angajman ak patwon New York yo pou ede amelyore divèsite, ekite, enklizyon, ak aksesibilite kòm yon solisyon pou bezwen mendèv yo epi elaji opòtinite travay pou Nouyòkè yo.
 - Chwa enfòmè, respè pou vi prive ak konfidansyalite, disponiblite teknoloji asistans, ak enklizyon pratik ki baze sou prèv nan pouswit travay konpetitif entegre yo esansyèl.
 - Moun ki gen andikap k ap resevwa benefis piblik yo ta dwe jwenn sipò nan kad efò pou yo travay pou endepandans finansye, tankou atravè yon kolaborasyon ant patnè eta a yo, alfabetizasyon finansye, planifikasyon benefis yo, ak konsèy jan sa apwopriye.

CH. Rapò

1. CDO a, an kolaborasyon ak Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal, Depatman Sante, Biwo Sante Mantal, Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family Services, OCFC), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department, SED), dwe evalye pratik aktyèl yo ak fòmile yon plan anvan 1e oktòb 2025, ki fèt pou retire baryè yo epi adopte pratik, pwosedi, oswa règ pou asire ke anplwa entegre konpetitif konsidere kòm premye opsyon ak rezilta prefere nan planifikasyon ak livrezon sèvis yo. Plan yo pral gen ladan fason ajans lan pral devlope yon pwosesis planifikasyon ki santre sou moun pou idantifye yon rezilta travay yo dezire oswa chemen anplwa entegre konpetitif pou nenpòt moun ki gen laj travay ajans sa a sèvi. CDO ap devlope yon fòm ak fòma pou ajans leta yo evalye pwosedi aktyèl yo.

2. CDO an kowòdinasyon ak ajans eta yo idantifye anba paragraf youn nan seksyon sa a dwe revize ak mete ajou rekòmandasyon yo chak ane pou asire pwogrè kontinye nan reyalize objektif anplwa entegre konpetitif pou moun ki gen andikap yo. Ajans sa yo dwe fè yon rapò sou pwogrè chak ane epi fè rekòmandasyon bay CDO konsènan aplikasyon Prensip Anplwa Dabò yo anvan 1e oktòb chak ane.

D. Fòmasyon

CDO a pral devlope yon kourikoulòm fòmasyon nan Prensip Anplwa Dabò yo. Fòmasyon pral genyen enfòmasyon sou fason Ajans Eta yo ka ofri sèvis travay pou ede moun ki andikape yo jwenn sèvis travay ki pi byen satisfè bezwen pa yo.

E. Konsiltasyon

CDO a pral travay pou kontinye devlopman ak aplikasyon politik pou atenn objektif Dekrè Egzekitif sa a an konsiltasyon ak chèf Ajans Eta yo ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a.

Dekrè Egzekitif sa a pral revoke epi ranplase Dekrè Egzekitif 136 ki te pibliye 1e septanm 2014 la; sepandan, jiskaske Ajans Eta yo adopte yon plan dapre Prensip Anplwa Dabò yo nan dekrè sa a Ajans Eta a dwe kenbe tout politik ki te adopte dapre Dekrè Egzekitif 136 la.

F È T ak siyati m epi So Prive

Èta a nan Vil Albany jounen jodi a ki se 30^{èm} jou nan mwa septanm nan lane demil vennkat.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a